



INFÒMASYON ENPÒTAN POU MOUN KAP FÈ DEMAND AZIL YO

Dokiman sa gen enfòmasyon ki esansyèl sou demand azil ou a. Pami sa ki pi enpòtan yo, gen de (2) sa yo :

1. Ou gen dwa angaje ak lajan nan pòch ou yon konseye ki pou reprezante w, men konseye w chwazi fèt pou l disponib nan dat yo fikse po lodyans ou a.
2. Se ou menm ki fèt pou jwenn tout dokiman ki pou apiye demand azil ou a e ki pou remèt yo bay Seksyon pou pwoteksyon refijye yo (SPR) ki nan Komisyon sou imigrasyon ak estati refijye nan Kanada (CISR). Depi kounyea, ou fèt pou w pran dispozisyon ki nesesè pou w ka jwenn dokiman wap bezwen yo.

KIJAN POU W SOUMÈT YON DEMAND

Pou w soumèt yon demand, ou ka pale ak yon ajan nan Ajans sèvis fwontalye peyi Kanda (ASFC) oswa Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Kanada (IRCC) nan yon pwen dantre (ayewopò, pò maritim oswa fwontyè ant Etazini ak Kanada) oubyen yonn nan biwo ki anndan peyi a (o Kanada). Se ajan sa a ki va deside si demand ou an merite pou yo voye l nan SPR pou yo ka tande ka w la. Wa resevwa yon fòmilè *Konfirmasyon transfè de ka* ki va endike ke demand ou a te transfere nan SPR. Apre sa, wap gen pou w resevwa yon avi konvokasyon kap di w ki kote, ki dat e a ki lè yo pral tande ka w la.

FÒMILÈ FONDMAN DEMAND AZIL LA

Chak moun kap mande azil fèt pou l remèt yon fòmilè Fondman demand azil (fòmilè FDA) nan SPR. Si w fè demand azil ou a nan yon biwo anndan peyi a, fòk ou remèt fòmilè FDA w la bay ajan an, se li menm kap voye l nan SPR. Si w fè demand la nan yon pwen dantre, ajan ap remèt ou yon fòmilè FDA pou ou ranpli. **Ou fèt pou w remèt SPR la fòmilè FDA ki ranpli kòrèkteman oplita nan 15 jou sivil a pati de dat ke yo te transmèt demand ou a bay SPR la. Ou fèt pou w voye fòmilè FDA w la nan adrès biwo SPR ki endike sou fòmilè *Konfirmasyon transfè de ka* w la menm si w ta va al abite nan yon lòt reydon nan Kanada.** Si w pa rive remèt fòmilè FDA w la nan dat limit sa, wap oblige asiste yon lodyans espesyal pou w eksplike poukisa w pat remèt fòmilè FDA w la a tan. Si w pa prezante nan lodyans espesyal la osinon ou pa bay yon eksplikasyon ki rezonab, SPR la kapab pwononse yon dezisteman sou demand ou a. Si w te fè demand ou a nan yon pwen dantre e ou pa remèt fòmilè FDA w la avan dat limit la, wap jwenn ki kote, a nan ki dat e a kilè pou w ale nan lodyans espesyal la sou fòmilè *Konfirmasyon transfè de ka* w la.

DAT LODYANS LA

Apre sa, wap gen pou w resevwa yon avi konvokasyon kap di w ki kote, nan ki dat e a kilè yap fè lodyans ou a. Si w pa prezante nan lodyans sa, yap konvoke w pou yon lodyans espesyal pou w ka eksplike poukisa ou pat vini. Kote a, dat la, ak lè pou lodyans espesyal sou dezisteman demand la ap indike nan avi konvokasyon an tou. Si w pa prezante nan lodyans espesyal la osinon ou pa bay yon eksplikasyon ki rezonab, SPR la kapab pwononse yon dezisteman sou demand ou an. Na ka sa a, yo pap otorize w pouswiv demand ou an ni pou w fè yon lòt demand pita.

.../2

LODYANS LA

An jeneral, lodyans yo dire yon demi jounen , swa nan maten, swa nan apremidi. Yo fèt an prive e yo konfidansyèl. Se yon komisè nan SPR ki fikse ki kote, nan ki dat e a kilè lodyans la ap fèt. Komisè a ap pran desizyon I dapre fòmasyon espesyal ke I resevwa sou kesyon pwoteksyon refijye. Lodyans yo fèt fas a fas osnon pa videokonferans si komisè a ta yon lòt kote. Nan lodyans la, wap gen pou temwanye e pou reponn kesyon komisè a ak kesyon yon avoka. Si IRCC oswa ASFC ap patisce nan lodyans la, avoka ki reprezante minis la ap poze w kesyon tou. Si w gen temwen, moun sa yo ap kab bay temwanyaj pa yo tou. Apre temwanyaj yo (pa w la, nan ka sa aplikab, pa temwen w yo), komisè a ap mande w, ou menm oswa konseye w la, pou w eksplike nan kisa, dapre ou menm, ou kalifye kòm **refijye dapre Konvansyon an** oswa yon **moun ki bezwen pwoteksyon**:

- Yo konsidere w kòm **refijye dapre Konvansyon an** si w gen rezon pou w pè pou yo pa pèsekite w nan peyi w pou kesyon ras, reliyon, nasyonalite, paske w fè pati de sèten gwoup sosyal oswa akòz opinyon politik ou.
- Yo konsidere w kòm yon **moun ki bezwen pwoteksyon** si, nan ka yo ta ranvwaye w nan peyi w, ou riske yo tòtire w, touye w oswa ou sibi move tretman ou chatiman kriyèl moun pa wè souvan.

DESIZYON AN

Komisè a kapab pran desizyon sou ka w la kou lodyans la fini e enfòme w lamenm. Konsa tou, li ka pran desizyon I pita epi enfòme w pa lapòs. Na de ka yo, wap resevwa yon avi ekri kap ba w desizyon an ansanm ak tout rezon kifè yo aksepte oswa rejte demand ou a. Si demand la rejte, avi a ap tou endike si w gendwa fè yon apèl devan Seksyon apèl pou refijye yo (SAR) oswa prezante yon demand devan Lakou federal.

CHANJMAN SOU KOTE LODYANS LA AP FÈT LA

Fòmilè *Konfirmasyon transfè de ka a ap endike adrès kote w dwe voye fòmilè FDA* ansanm ak adrès kote lodyans la ap fèt la, si w fè yon demand azil nan yon pwen dantre. Si w prevwa chanje adrès e w swete ke lodyans la fèt nan yon lòt vil, ou dwe mande sa pa ekri. Pou w fè sa, ou ka itilize yon fòmilè ke wap ka jwenn sou sit Web CISR la nan adrès <http://www.cisr-irb.gc.ca>. SPR la fèt pou I resevwa demand ou a o mwens ke 20 jou anvan dat ki fikse pou lodyans la. Se yon komisè nan SPR kap pran desizyon pou I aksepte oswa rejte demann chanjman a. Ou fèt pou konnen ke yo pa akòde chanjman otomatikman. Jiskaske w resevwa desizyon an, biwo ou fèt pou w kontakte oswa voye tout dokiman yo, se biwo ki endike sou fòmilè *Konfirmasyon transfè de ka* w la. Depi te gen yon dat ki fikse pou lodyans la, ou fèt pou w ale tou pare pou lodyans la nan biwo ki mansyone nan avi konvokasyon an, menm si ou pa resevwa yon repons avan dat sa.

CHANJMAN DAT OSWA LÈ POU YON LODYANS

Si w swete fè chanje dat oswa lè pou lodyans ou a, ou fèt pou w mande sa pa ekri. SPR la fèt pou I resevwa demand ou a omwen twa (3) jou ouvrab anvan dat ki fikse pou lodyans ou a, amwens ke se pou rezon medikal oswa yon sitiayasyon dijans. SPR la pap aksepte modifye ni dat ni lè lodyans ou a san sepa pou sikontans eksepsyonèl (tankou rezon medikal) oswa ki pa depann de volonte w. Si w pa resevwa repons anvan dat lodyans la, ou fèt pou w prezante tou pare nan lodyans la nan dat ak lè ki nan avi konvokasyon an.

SÈTIKA MEDIKAL

Si, pou rezon medikal, ou pa prezante nan lodyans la osnon si w mande yon pwolongasyon delè pou w depoze fòmilè FDA oswa poy chanje kote, dat oswa lè pou lodyans la, ou fèt pou w bay yon sètika medikal. Sètika medikal sa a, se orijinal yon dokiman ki sot kay yon doktè (oswa kay yon lòt pwofesyonèl kalifye nan zafè lasante); se yon dokiman ki gen yon dat, epi ki fasil pou yo li. Fòk doktè a siyen dokiman a epi fòk li mete ladan I non li ak adrès pwofesyonèl li. Sètika medikal la fèt pou I di kilè w ta dwe an mezi pou w prezante demand ou a epi li dwe bay yon deskripsiyan detaye de eta sante w (li pa oblige di ki maladi w soufri). Wa jwenn yon fòmilè medikal sou sit Web CISR la nan adrès <http://www.cisr-irb.gc.ca>.

KOWÒDONE W

Si w chanje adrès oswa nimewo telefòn, ou fèt pou w ekri CISR, IRCC ak ASFC imediatman pou enfòme yo. Nou pap an mezi pou n kominike avèk ou si w pa byen ban nou kowòdone w. Si sa ta rive, SPR la ta ka pwononse dezisteman demand azil ou a. Na ka sa a, yo pap otorize w ni pouswiv demand ou a ni pou w fè yon lòt demand pita.

KONSEYE

Ou gen dwa pou w peye yon konseye ki pou reprezante w (tankou yon avoka oswa yon konsiltan nan zafè imigrasyon), ou ka ale pou kont ou tou. Gen posibilité pou w jwenn, nan nivo pwovensyal, asistans yon òganizasyon ki bay èd jiridik.

Si w pa gen yon konseye, men w swete genyen yonn, fè demach san pèdi tan pou w ka jwenn yonn.

Si w peye konseye w (ak lajan oswa nenpòt ki lòt moyen), li dwe ranpli fòmilè Kowòdone pou konseye a.

Yon konseye ki pa manm yon òganizasyon ki otorize pou sa pa gen dwa touche nan men w pou I ka reprezante w. Lè sa, e ou menm, e konseye w la, nou fèt pou nou ranpli fòmilè Avi - reprezantan ki pa touche lajan ni resevwa ankenn lòt konpansasyon.

Si wap angaje yon konseye oswa si wap chanje konseye, ou fèt pou ekri SPR, IRCC ak ASFC, san pèdi tan, pou w bay yo non, adrès, nimo telefòn, faks ak adrès kouryèl nouvo konseye a.

Lè wap angaje yon konseye apre yo te fin fikse yon dat pou lodyans ou a, ou fèt pou w asire w ke konseye w la ap disponib e ke lap pare pou I reprezante w nan dat ki prevwa pou sa. An jeneral, SPR pap chanje dat oswa lè pou yon lodyans paske yon konseye pa ka prezante I. **Si wap chanje konseye**, ou fèt pou w asire w ke nouvo konseye w la resevwa tout dokiman ki konsène demand azil ou a. Sa vle di tout dokiman ke ou menm, SPR oswa nenpòt lòt moun otorize te transmèt ansyen konseye w la.

ITILIZASYON DOKIMAN AK TEMWEN

Remèt tout dokiman ki enpòtan ke w ka jwenn pou apiye demand ou a, tankou rapò lapolis, dosye medikal ak atik ki soti nan jounal. Lè w vle itilize yon dokiman nan lodyans ou a, ou fèt pou w asire w ke SPR ap resevwa dokiman sa oplita di (10) jou anvan dat lodyans la. Fòk ou bay orijinal dokiman nan kòmansman lodyans la. Si wap remèt plizyè dokiman, remèt yon lis epi nimewote paj tout dokiman w yo yonn apre lòt tankou si se te yon sèl dokiman.

Si w vle itilize dokiman ki pa ekri ni an fransè ni an anglè, ou fèt pou w bay yon tradiksyon sètifye an fransè oswa an angle.

Si w gen yon temwen, ou fèt pou w bay SPR enfòmasyon ki nesesè (tankou kowòdone temwen an ak kisa ki nan temwanyaj li a) oplita di (10) jou anvan dat lodyans la.

PYÈS POU IDANTIFYE W

Ou fèt pou w prezante dokiman ki pou etabli idantite w. Ou dwe remèt orijinal dokiman sa yo nan kòmansman lodyans la. Si w pa ka prezante dokiman sa yo, ou dwe eksplike poukisa epi di ki demach ou te fè pou w te ka eseye jwenn yo.

LANG AK ENTÈPRÈT

Lodyans ou a ap fèt nan lang ofisyèl (fransè oswa anglè) ou vle a. Si w mande sa, wap gen dwa pou w jwenn sèvis yon entèprèt nan lang oswa dyalèk ou vle a. Si w vle chanje lang ofisyèl pou lodyans la, ou fèt pou w avize SPR, IRCC oswa ASFC oplita di (10) jou anvan dat lodyans la.

KATAB NASYONAL DOKIMANTASYON

CISR fè yon katab nasyonal dokimantation (CND) pou chak peyi kote yon moun te prezante yon demand azil. Revize dokiman CND peyi w la, paske SPR ap baze sou li nan moman lap pran yon desizyon sou demand ou a. Nan CND a gen dokiman ki pale de sitiyasyon nan peyi a, tankou rapò òganizasyon entènasyonal sou dwa moun yo. Al gade vèsyon ki pi resan sou CND peyi w la sou sit Web CISR la anvan lodyans ou a. Wap jwenn CND a ak lòt ransèyman si w vizite sit Web CISR la nan adrès sa : <http://www.cisr-irb.gc.ca>.

Si w bezwen plis ransèyman, al gade *Gid pou demandè azil la* oswa kontakte Grèf la nan yonn nan adrès sa yo.

GRÈF SPR YO

<u>Eastern Region</u>	<u>Central Region</u>	<u>Western Region</u>
Montréal Guy-Favreau Complex 200 René-Lévesque Blvd. West East Tower, Room 102 Montreal, Quebec H2Z 1X4 Telephone: 514-283-7733 or 1-866-626-8719 Fax: 514-283-0164	Toronto 74 Victoria Street, Suite 400 Toronto, Ontario M5C 3C7 Telephone: 416-954-1000 Fax: 416-954-1165	Vancouver 300 West Georgia Street, Suite 1600 Vancouver, BC V6B 6C9 Telephone: 604-666-5946 or 1-866-787-7472 Fax: 604-666-3043